

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Di jaman ayeuna, loba masarakat Sunda anu teu nyunda, upamana waé henteu reueus kana budayana sarta ngapilainkeun kana basana sorangan, nya éta basa Sunda. Padahal basa Sunda téh mangrupa kabeungharan urang Sunda anu kudu dijaga jeung dipaké sangkan henteu tumpur atawa punah. Lantaran saha deui nu bisa ngajaga kabeungharan basa Sunda ari lain urang Sundana sorangan.

Basa téh mangrupa alat komunikasi anu penting dina kahirupan sapopoé manusa. Sabab ku ayana basa, manusa bisa nepikeun kahayangna, eusi pikiranna, sarta sagala rupa pamaksudanana. Basa nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucapan manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénisional) antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 2004: 6).

Panalungtikan ngeunaan basa Sunda bisa dilaksanakeun ku mangpirang-pirang widang katatabasaan, saperti: fonologi, morfologi, sintaksis, semantik, jeung pragmatik. Fonologi medar perkara tata sora, morfologi medar ngeunaan adegan kecap, sintaksis medar perkara tata kalimah, semantik medar perkara tata harti basa, jeung pragmatik medar perkara harti di saluareun basa. Salasahiji élmu basa anu ngulik ngeunaan kontéks éksternal basa nya éta pragmatik. Parker dina Rahardi (2005: 48) nétélakeun yén pragmatik nya éta cabang élmu basa anu ngulik struktur basa sacara éksternal.

Morris dina Sudaryat (2009: 6) ngawatesanan pragmatik salaku hubungan tanda-tanda jeung nu nafsirkeunana. Téori pragmatik ngajelaskeun alesan atawa pamikiran para panyatur jeung pamiarsa dina nyusun korélesi kontéks hiji kalimah. Dina ieu hal téori pragmatik mangrupa bagéan tina performansi.

Performansi basa bisa katiten dina komunikasi basa. Komunikasi basa asup kana aktivitas sosial, sabab dina komunikasi aya interaksi atawa hubungan timbal balik antara panyatur jeung pamiarsa. Komunikasi ieu bisa disebut ogé salaku paguneman. Lian ti éta, komunikasi basa bisa lumangsung ngaliwatan média tulis saperti carpon jeung novél. Tarigan (2009: 73) nétélakeun yén kgiatan nyarita jeung nulis mangrupa dua tindak basa anu kawengku dina widang rétorika. Dumasar kana éta hal, rétorika kabagi jadi dua nya éta rétorika antarpribadi (*interpersonal rhetoric*) jeung rétorika tékstual (*textual rhetoric*). Boh rétorika antarpribadi, boh rétorika tékstual mikabutuh prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan kaasup maksim sangkan omongan atawa caritaan nu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa bisa kahontal.

Prinsip jeung maksim omongan dina paguneman diperlukeun ku unggal jalma dina ngalakukeun paguneman sangkan komunikasina lancar. Ku ayana ieu prinsip anu dijerona kaasup maksim, tangtu waé urang bakal apal jeung maham kana kontéks dimana urang nyarita atawa kontéks dimana urang ngomong. Tapi, dina prak-prakanana jarang pisan jalma anu niténan kana ieu prinsip jeung maksim nalika ngalakukeun paguneman dina kahirupan sapopoé, padahal éta paguneman téh dilakukeun sacara langsung, komo deui upama nilik paguneman anu aya dina wangun tinulis anu sifatna tékstual, anu eusi atawa maksud caritaanana kudu diteuleuman ngaliwatan maca, tangtu waé prinsip gawé bareng jeung prinsip kasopanan anu aya dina éta téks moal bisa katitén.

Dina prinsip gawé bareng, antara panyatur jeung pamiarsa kudu bisa méré pangdeudeul nalika nepikeun omongan. Éta hal tangtu kudu dilakukeun sangkan maksud anu aya dina pikiran panyatur bisa katepikeun sacara jéntré, tur kacangkem maksudna ku pamiarsa (Nursalam, 2011: 3). Sedengkeun dina prinsip kasopanan, aya patalina jeung tatakrama basa. Sabab omongan nu rék ditepikeun raket pisan patalina jeung kalungguhan, kakawasaan, kaakraban, kontak panyatur jeung pamiarsa, sarta jalma nu dicaritakeun.

Dumasar kana pedaran di luhur, prinsip jeung maksim paguneman bisa katitén dina wangun wacana lisan jeung tulisan. Dina wangun wacana lisan,

tangtu nu dipidangkeunana maké basa lisan ngaliwatan omongan langsung antara panyatur jeung pamiarsa. Contona waé wangkongan jeung diskusi. Dina wangu tulisan, saperti ragam basa sastra dina carpon, biasana sok manggih sawatara obrolan atawa paguneman para tokohna. Anapon dina ieu panalungtikan, objék anu rék dijadikeun panalungtikan téh nya éta ragam basa sastra anu aya dina carpon. Carpon anu dipilih nya éta kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.

Alesan dipilihna kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia dina ieu panalungtikan, lantaran dina ieu carpon loba téks wacana paguneman anu bisa dijadikeun data dina ieu panalungtikan. Salian ti éta, eusi caritana alus, nyaritakeun dinamika kahirupan sapopoé manusa, ogé basa nu dipakéna utamana pagunemanana katitén geus ngagunakeun prinsip jeung maksim dina unggal caritaanana, nepi ka pamaca bakal kataji ku basa nu dipaké ku pangarang.

Tina sababaraha pananglutikan anu geus kapanggih aya sababaraha babandingan anu bisa katitén, boh objékna, boh hasil panalungtikanana. Tétéla, éta panalungtikan téh aya nu méh sarua jeung ieu panalungtikan, di antarana “Analisis Wacana Paguneman dina Kumpulan Carpon *Oknum* Karya Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP” (Oxtavia, 2010), “Adegan Pragmatis Kalimah Paréntah dina Karangan Siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010/2011” (Maharani, 2011), jeung “Prinsip jeung Maksim Paguneman dina Kumpulan Carpon *Si Kabayan Tapa Karya Min Resmana*” (Nursalam, 2012).

Dina panalungtikan Oxtavia dipedar prinsip-prinsip paguneman anu lumangsung dina kumpulan carpon *Oknum*. Dina éta panalungtikan dipedar papasingan prinsip jeung maksim paguneman, tuluy ditangtu keun luyu henteuna pikeun bahan pangajaran nyarita di tingkat SMP. Ari dina panalungtikan Maharani mah, sok sanajan medar prinsip jeung maksim paguneman, tapi éta panalungtikan téh leuwih nyoko kana wangun kalimah paréntahna hungkul. Sedengkeun dina panalungtikan Nursalam, dipedar ngeunaan téks adegan

paguneman, prinsip jeung maksim paguneman dina kumpulan carpon *Si Kabayan Tapa*, sarta maluruh maksud unggal omongan nu aya dina téks pagunemanana.

Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu saméméhna nya éta, lian ti nangtukeun téks adegan paguneman, prinsip jeung maksim omongan dina paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang*, maluruh maksud omongan anu aya dina téks paguneman, dipaluruh ogé tahapan pragmatis omongan nu nyampak dina téks paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.

Luyu jeung kasang tukang masalah di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Prinsip jeung Maksim Omongan dina Paguneman Kumpulan Carpon *Panggung Wayang* Karya Aam Amilia” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh perlu diwatesanan sangkan masalahna jelas, nya éta medar prinsip jeung maksim omongan dina paguneman, kayaning maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim kasaluyuan, maksim cara, maksim kawijaksanaan (*kebijaksanaan*), maksim katumarima (*kedermawanahan*), maksim balabah (*penghargaan*), maksim handap asor (*kesederhanaan*), maksim pangcocog (*kemufakatan*), jeung maksim kasimpatian (*simpati*) anu aya dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.

1.2.2 Rumusan Masalah

Saluyu jeung watesan masalah nu geus dipedar, di handap ieu dirumuskeun masalah-masalah anu ditalungtik.

- a. Omongan naon waé anu kapanggih dina paguneman nu aya dina carpon *Panggung Wayang*?

- b. Kumaha prinsip jeung maksim omongan nu nyampak dina téks paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia?
- c. Maksud omongan naon waé nu nyampak dina unggal téks paguneman, dumasar prinsip jeung maksim paguneman dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia?
- d. Kumaha tahapan pragmatis omongan nu nyampak dina téks paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sistem paguneman dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan, nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- a. omongan dina paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia;
- b. prinsip jeung maksim omongan paguneman anu nyampak dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.
- c. maksud omongan anu nyampak dina unggal téks paguneman, dumasar prinsip jeung maksim paguneman dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia; jeung
- d. tahapan pragmatis omongan nu nyampak dina téks paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ulikan élmu kabasaan, utamana pangaweruh ngeunaan prinsip jeung maksim omongan dina paguneman.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan aya opat, nya éta saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, dipiharep bisa nambahana pangaweruh dina widang kabasaan, utamana ngeunaan prinsip jeung maksim omongan dina paguneman.
- b. Pikeun guru, dimangpaatkeun jadi pangdeudeul pikeun milih jeung nangtukeun bahan pangajaran.
- c. Pikeun masarakat, dijadikeun bahan pangaweruh kana ajén-ajén moral ngaliwatan téks paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.
- d. Pikeun mahasiswa, dijadikeun réferensi dina mata kuliah anu aya patalina jeung widang kabasaan, atawa réferensi dina mata kuliah séjén anu aya patalina jeung panalungtikan ilmiah.

1.5 Sistematika Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab, nya éta: bab I bubuka, bab II kapragmatisan wacana, jeung asumsi, bab III metode panalungtikan, bab IV déskripsi hasil panalungtikan, jeung bab V panutup.

Dina bab I, dipedar kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan. Dina tujuan panalungtikan, aya tujuan umum jeung husus. Sedengkeun dina mangpaat panalungtikan, aya mangpaat sacara tioritis jeung sacara praktis. Tuluy dipedar ogé ngeunaan sistematika tulisan ti mimiti bab I nepi ka bab V.

Dina bab II, eusina mangrupa landasan tioritik. Medar ngeunaan kapragmatisan wacana, tahapan pragmatis, jeung paguneman. Dina sub bab kapragmatisan wacana, medar perkara kapragmatisan wacana anu jadi ambahan tiori pikeun ngahontal pedaran anu pokok dina ieu panalungtikan. Lian ti éta, dipedar ogé ngeunaan tahapan pragmatis. Dina sub bab paguneman medar perkara wangenan paguneman jeung adegan paguneman. Adegan paguneman miboga

pola, kaé dah, jeung prinsip paguneman sarta miboga sababaraha maksim paguneman.

Dina bab III, dipedar metode panalungtikan. Eusina nyaéta medar sumber data, desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan jeung téhnik panalungtikan, nu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

Dina bab IV, ngadéskripsikeun jeung nganalisis prinsip jeung maksim paguneman dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia, di jerona ngawengku wangun téks paguneman, prinsip katut maksim paguneman, maksud unggal omongan dina paguneman, jeung tahapan pragmatis omongan nu nyampak dina téks paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.

Bab anu pamungkas nya éta bab V, eusina ngeunaan kacindekan tina sakabéh hasil panalungtikan jeung rékoméndasi kana panalungtikan anu satuluyna.